Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого хур.
Инхоса ГІали-ХІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 45 (6981) 15 декабрь 2025 с. Итни Жумадул ахир 1447 с. Багьа - эркенаб

ЛЪАГІАЛИЛ ХІАСИЛАЛ

## Медицина цебетІезабизе – 50 млн гъурущ, нухал къачІазе – 715 млн гъурущ

### 2030-абилеб соналде 120 гектаралда ах гІезабизе буго

**Дагъистан Республикаялъул регионазе нухмалъи гьабиялъул тІобитІараб Централда чІагояб эфиралда 2025-абилеб соналъул хІасилал гьаруна ва тІуразе цере лъурал масъалабазул бицана бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповас.**



Гьедин, кІвар бугел проектал районалда гІумруялде рахъинариялда хурхун гьадинал баянал гьаруна муниципалитеталъул нухмалъулес: районалда цІи гьарулел руго МелъелтІа-Гъагъалъ, Гъоркь Инхо-Килалъ, Хасавюрт-Кьохъ нухал; инвестициял гьаруна 715 млн гъурущ.

«Гьелде тІадеги, 2030-абилеб соналде щвезегІан 120 гектаралда цІиял ахал гІуцІизе ракІалда буго. Медицинаялъул бакІал капиталияб къагІидаялъ къачІазе биччан буго гІагашагарго 50 млн. гъурущ, сахлъи цІуниялъул бакІал цІи гьариялъул федералияб проекталда рекъон», - ян бицана Гъалиповас.

Гьединго Бакълъул ракьалъул бетІер дандчІвана ДРялъул ЦУРалъул нухмалъев Исрафил Исрафиловгун, гьесул заместителал МухІамадгІали Ибрагьимовгун, Гянжеви ХІажибалаевгун ва цогидал специалисталгун. Гьединго тадбиразда гІахьаллъана «Гумбет» медиагруппаялъул бетІерав редактор ХІамзат ГІизудиновги. Эфир халат бахъана 40 минуталдаса цІикІкІун ва гьениб гІадамазул суалазе ргІа-ракьанде щун жавабал кьуна бакълъулазул бетІерас.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## ВатІан цІунулаго, дунял таразул, гІасраби аниги, кенчІела цІарал

### БахІарзазул къо кІодо гьабуна

**Бакълъул ракьалда ВатІаналъул бахІарзазул къо кІодо гьабурал тадбирал тІоритІана. Районалъул бетІерас, администрациялъул хІалтІухъабаз, СВОялъул мухъалдаса тІадруссинчІезул хъизамаз ракІалдещвеялъул ахикь тІугьдул лъуна ва гьутІби чІана.**




Районалъул бетІерасул заместителал МухтарахІмад АхІмадов, Сайпилав МухІамадов, муниципалиталъул руччабазул гІуцІиялъул вакилзаби, СВОялъул бахІарзазул улбул, лъудби хадур данделъана районалъул бетІерасул кабинеталда. ЧІварал рагъухъабазул хъизамазе тІугьдул ва ракІалде щвеялъул сайгъатал кьуна.

«Бакълъулаз фронталъе кумек гьабулеб буго спецоперация байбихьаралдаса. 200 тоннаялдасаги цІикІкІун гуманитарияб къайи битІана нилъеца. Нахъеги бажарараб кумек гьабизе буго нужее ва СВОялъул мухъалда ругел нилъер рагъухъабазе.



Школазда ва къватІазда лъун руго чІварал СВОялъул гІахьалчагІазул цІарал, рагьун руго мемориалиял хъарщал ва «БахІарзазул партаби». Хасаб операциялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьаби ккола Гумбет районалда аслияб масъалалъун», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:

Тохтур, гІалимчи, гІуцІарухъан - 2 гьум.



«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих - 2 гьум.




Асадула ГІумардибировасул цІаралда турнир - 2 гьум.



ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Тохтур, гIалимчи, гIуцIарухъан

**Гумбет районалдаса рахъана сахлъи цIуниялъул тарихалда жидер цIар даимлъизабурал гIемерал тохтурзаби. Араб гIасруялъул 60-80-абилел соназда Москваялда рекIел хирургиялъул институталда хIалтIана кардиохирург, медицинаялъул гIелмабазул кандидат, Килалъа Идрис Расулов. Республикаялъул больницаялда урологиялъул отделениялъе гIемерал соназ нухмалъи гьабуна медицинаялъул гIелмабазул кандидат АхIмад Лабазановас. Ленинградалъул больницаялда лъикIаб хIалбихьиги щун, республикаялъул больницаялъул хирургиялъул отделениялъе нухмалъи гьабуна гьесулго вац, медицинаялъул гIелмабазул доктор МухIамад Лабазановас. ГьабсагIаталда Н. Пироговасул цIаралда бугеб Россиялъул гIелмиял цIех-рехазул медицинаялъул университеталъул педиатрияб клиникаялъул директорлъунги хIалтIулев вуго Россиялъулги Москва шагьаралъулги мустахIикъав тохтур, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор ИсмагIил ГIусманов. Исана гьес тIубала 65 сон.**



### ГIумрудул болъодул хIокIал

ИсмагIил гьавуна 1960-абилеб соналда Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъ. 1962-абилеб соналда гьесул эбелэмен гочана МахIачхъалаялде. Гьелдаса нахъе эбел Хадижат хIалтIана Республикаялъул лъималазул больницаялда медсестралъун. Эмен МухIамадтIагьир вукIана МахIачхъалаялъул СМУ-2-ялда мастерлъун. Лъималазулъги медицинаялде рокьи бижизабуна Хадижатица.

1983-абилеб соналда ИсмагIилица тIокIлъиялда лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул институт. ХIалтIизе байбихьана Республикаялъул лъималазул больницаялда. Гьес тIаса бищана нефрологасул пиша. 1989-абилеб соналда гьес лъугIизабуна Москваялъул педиатриялъул ва лъималазул хирургиялъул гIелмиял цIех-рехазул институталъул аспирантура ва цIунана медицинаялъул гIелмабазул кандидатлъиялъе диссертация.

1991-1992-абилел соназда, ТIолгороссиялъул гIолохъанал гIалимзабазул къецалдаги бергьун, гьев витIула Американалде стажировкаялъ. Гьениб нефрологасул махщелги жеги камил гьабун, тIадвуссуна Россиялде ва байбихьула Москваялъул Педиатриялъул ва лъималазул хирургиялъул гIелмиял цIех-рехазул институталъул (НИИ) нефрологиялъул отделениялда хIалтIизе. Лъабго соналдаса цIунула медицинаялъул гIелмабазул докторлъиялъе диссертация.

1996-2003-абилел соназда вукIана Россиялъул пачалихъияб № 2 университеталъул (РГМУ № 2) лъималазул унтабазул кафедраялъул доцентлъун ва хадувккун – профессорлъун. 2003-2012-абилел соназда хIалтIана Москваялъул Педиатриялъул ва лъималазул хирургиялъул НИИялъул директорасул заместителлъун. Цадахъго хIалтIана № 2 РГМУялъул лъималазул унтабазул кафедраялъул профессорлъунги.

2012-абилеб соналдаса хIалтIулев вуго Тушиноялъул Лъималазул больницаялъул бетIерав тохтурлъун. Гьес хъвана 250 гIелмияб хIалтIи, басмаялде рахъана 12 монография ва 2 цIалул пособие, хIадурана гIелмабазул 5 кандидатги 1 докторги ва цIунана 4 цIиргьабиялъул патент. 2003-2012-абилел соназда хIалтIана «Российский вестник перинаталогии и педиатрии» абураб журналалъул бетIерав редакторасул заместителлъун ва жакъаги вуго медицинаялъул гIелмиял журналазул редколлегиялда гьорлъ.

### Эбелалъул нухдасан

«Дун медицинаялде вачIана эбелалъул квербакъиялдалъун. Гьей гIемерал соназ хIалтIана Лъималазул больницаялда медсестралъун ва абизе бегьула, дир лъимерлъи больницаялда анилан абун. Щайгурелъул – тезе бакI гьечIолъиялъги батила – эбелалъ хIалтIуде цадахъ вачунаан дун. Нижер рокъоб кидаго рукIана шприцалги дарабиги. ХIалтIудаса эркенаб заманалдаги эбел йикIунаан гIадамазе кумек гьабулей. Гьеб хIалалда гIурав дирги чорхолъ бессана медицинаялде рокьи», - ян ракIалде щвезабуна тохтур ИсмагIилица.

Доб заманалда гьесда абулаан «гьитIинав тохтурилан». Эбел рокъой гьечIеб мехалда гьаб-доб гьечIищан вачIарав чиясе кумек гьабулаан ИсмагIилица: бидул тIадецуй борцунаан, укол гьабулаан, цо-цоязе диагнозцин лъолаан – жиндир лъаялда рекъараб бугониги.

«Институтги лъугIун, ординатураялда дун вукIана неонатологияб отделениялда. Гьенир рукIана гьанжего гьанже гьарурал, амма гIузраби загьирлъарал лъимал.ТIоцебесебго дежурствоялде рачIана игизал Галиняновал – гIемерал сонал аниги, гьезул цIар киданиги кIочонаро. Гьезул букIана сепсис (бидулъ хьверд ккей). Доб заманалда букIинчIо гIисиназул реанимация ва кумек гьабизе кколаан отделениялдаго. Лъабго-ункъо моцIалъ гьабуна мех щвелелдего гьарурал гьезие дару-сабаб. Ахирги гьел хваликьа рорчIана.

Гьеб лъугьа-бахьин дир рекIелъ даим бикIун хутIана. Гьеб мехалда дир букIараб рохел! Цинги бичIчIана дида, махщел тIаса бищиялъулъ дун мекьи ккечIевлъи», - ян бицана ГIусмановас.

### Баркула, тохтур!

И. ГIусмановасда гьавураб къоги баркулаго, махщел тIокIав тохтурасул хIакъалъулъ гьадинал пикраби загьир гьарун руго социалиял гьиназда машгьурал гIадамаз.

Дмитрий Кириллов (телеведущий): «Профессор ГIусмановасул хIаракаталдалъун Москва шагьаралъул гIадатияб больницаялъул гьабуна улкаялдаго машгьураб лъималазул клиника. Гьениб санайил кумек гьабула Россиялъул батIи-батIиял бакIаздаса кIинусазаргоялдасаги цIикIкIун лъимадуе».

Оксана Фёдорова (РФялъул мустахIикъай артистка, телеведущая): «ИсмагIил МухIамадовичас кидаго кумек гьабулаан, нижер лъимал унтун ругони. КIудияб баркала буго гьесиеги гьесул кIудияб больницаялъул махщел тIокIал тохтурзабазеги!».

Стивен Сигал (актёр, продюсер, режиссёр, РФялъул МИДалъул гуманитариял бухьеназул рахъалъ хасав вакил): «Бокьун буго хIикматал гIадамазул къокъа гIуцIарав ИсмагIил ГIусмановасда юбилей баркизе. Дун гIажаиблъун вукIана гьел хIалтIулеб куцалъухъ балагьун. РакI-ракIалъулаб баркала нужер щивасул захIматалъухъ ва захIматаб хIаракаталъухъ».

Александр Овечкин (хоккеист, дунялалъул лъабцIул чемпион): «Дица баркула ИсмагIил МухIамадовичасда юбилей! Гьарула чорхое щулияб сахлъи, жигар ва щибабкъойилаб захIматаб хIалтIулъ икъбал».

### Профессорасул малъа-хъваял

ИсмагIил ГIусмановас ракIалде щвезаруна хIалтIул цо-цо лахIзатал: «ГьитIичазул гIемерисеб мехалда рукIуна эбел-инсул бербалагьи гьечIолъиялъул хIасилалда кколел гIузраби. Масала, бусадаса, столалдаса, гордудаса бортараб лъимадул бетIер бекула. Цо нухалда нижехъе ячIана жеги лъагIичIей яс – психикияб унти бугей эбелалъ квартIица бухун бугоан гьелъул бетIер… ТалихIалъ бажарана гьей хвасар гьайизе.

Хадуб халккунгутIиялъул гуреб сундул хIасиллъун кколел гьадинал хIужаби: лъималазул кванирукъалда жанир нижеда ратана кIулал, сагIат, отвёртка, магниталъул гIисинал горал, расанкIабазул бутIаби…

Цо нухалда нижехъе щвезаюна 14 сон барай яс. Гьурщун гьалалгун мотоцикл бачунаго, гьелъул рас жемун буго мотоциклалъул бералда. Гьелъул ботIрол тIом бетIералдаса батIалъун бугоан. ГIемераб заман бана, гьелъул сахлъи рукIалиде ккезабулаго, гьабизе ккана цо чанго операция. Гьей тIаде яхъиналда нижцин божулароан. Нижер тохтурзабахъа гьеб бажарана – гьеле хIикмат!».

Ахиралдаги тохтурас бицана улкаялдаго тIибитIараб гIаммаб гIузруялъул хIакъалъулъ: «Раккун руго 30-40 соналъ цере рукIинего рукIинчIел унтаби. Нужеда бихьанищ 14 сон бараб ва 100 килоялдасаги цIайи бугеб лъимер? Гьеб ккола, компьютералда цевеги вукIун, бокьа-бокьараб кваналеб бугони. Эбелэмен кире ралагьун рукIунел? Бегьулебги бегьуларебги квен батIа бахъизе малъизе ккеларищ гьез лъимералда? Цакъго кьаралъулеб бугеб лъимералъул заманалда тIалабги гьабичIого, хадуб бахъула ахIи, рекерахъдула тохтурзабахъе. Гьеб унти сах гьабизе захIматаб иш буго. Гьеб буго нилъер цивилизациялъулго унти-гIузру».

**ХIажи ХIусенов,**
**ДРялъул мустахIикъав тохтур**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

## Подписка – 2026

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2026-абилеб соналъе «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги.**

**Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2026-абилеб соналъ «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**




**ЛъагIалие багьа:**
почалдасан – 1134 гъуруш;
редакциялдасан – 250 гъуруш.

**Бащдаб лъагIалие:**
Почалдасан – 567 гъуруш;
Редакциялдасан – 125 гъуруш.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Асадула ГIумардибировасул цIаралда турнир

## Энергетиказул команда бергьана

**МелъелтIа росулъ бугеб спортшколалда муниципалиял идарабазда гьоркьоб Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав энергетик Асадула ГIумардибиров ракIалде щвезавиялда хурхун волейболалъул турнир тIобитIана.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул идарабазул хIалтIухъаби, спортсменал ва гь. ц. Бакълъулазул нухмалъулесул заместитель Сайпилав МухIамадовас турниралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна. Гьес районалъул бетIерасул рахъалдасан баркала загьир гьабуна тадбиралда рачIаразе.

ХIалуцараб къецалдаса хадуб гьадинал хIасилал ккана: тIоцебесеб бакI щвана «Россети» Северный Кавказ - «Дагэнерго» идараялъул районалда бугеб филиалалъул командаялъе; кIиабилеб бакI щвана МелъелтIа росдал № 45 цIа свинабиялъул идараялъул командаялъе ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Гумбет районалъул администрациялъул команда.

Гьезие кьуна шапакъатал ва гIарцул сайгъатал. Гьелде тIадеги шапакъатал кьуна батIи-батIиял категориязда лъикIал хIалел абураб цIар щваразе. Тадбиралъул ахиралда ГIумардибировазул тухумалъул вакилзабаз ракIракIалъулаб баркала загьир гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасе ва цогидал турнир гIуцIизе кумек гьабуразе.

**Макка МухIамадова**





В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙДУХ

# Правила использования антисептиков для рук

**Ежедневно наш организм сталкивается с огромным количеством вирусов и бактерий, которые обитают в окружающей среде. В период эпидемического сезонного распространения острых респираторных инфекций актуально проведение гигиенической обработки рук с использованием антисептиков.**

Руки — самое уязвимое и незащищенное место нашего тела. Именно на них скапливается огромное количество бактерий и микробов, вызывающих различные заболевания. Регулярная и правильная гигиена рук — основа здоровья и крепкого иммунитета. В случаях, когда нет возможности вымыть руки с мылом, важно пользоваться антисептиком.

Что такое антисептики и зачем они нужны? Антисептик (в переводе с греческого языка означает «против гниения») современное дезинфицирующее средство, предназначенное для обработки рук. Большинство средств уничтожает до 99% различных вирусов и бактерий или значительно замедляет их рост. Это делает антисептик незаменимым помощником в период простудных и вирусных заболеваний. Антисептики различаются по составу и форме выпуска. Спектр действия и противомикробная активность зависят от основного вещества и его концентрации в составе. Антисептики не требуют смывания водой, их удобно брать с собой, а благодаря миниатюрным флакончикам они легко помещаются в сумку. В среднем антисептики обеззараживают кожу на 3-4 часа. По истечении этого времени стоит повторить обработку рук.

Плюсы современных антисептических средств: высокая бактерицидная активность, быстрое действие, активность на протяжении длительного времени, защита кожи от негативных факторов окружающей среды, способны растворять жиры, химическая инертность, удобная упаковка.

Антисептики могут выпускаться в разных формах: гелях, спреях, салфетках.

Что входит в состав антисептиков? Антисептики многообразны по своему составу. В зависимости от действующего вещества, они бывают спиртовые и без спиртовые:

Спиртовые антисептики: в качестве активного ингредиента выступает изопропанол, этанол или н-пропанол. Чтобы антисептик действовал, концентрация спирта должна составлять минимум 60%. Спиртосодержащие антисептики уничтожают патогенную флору, вирусы и бактерии при обработке кожных покровов. Считаются самыми эффективными антисептиками, а также не имеют противопоказаний (за исключением индивидуальных случаев).

Без спиртовые антисептики могут содержать следующие компоненты:

- четвертичные аммониевые соли (особенно дидецилдиметиламмония хлорид), уничтожают вирусы и бактерии, в том числе туберкулезные, оказывают негативное воздействие на кожу, поэтому используются преимущественно для обработки поверхностей;

- галогенные растворы, где основным компонентом является повидон-йод, который оказывает сильное противовирусное, антибактериальное и противогрибковое действие, имеет определенные противопоказания, может привести к зуду и покраснению кожного покрова;

- хлоргексидин - отличается выраженными бактерицидными и противовирусными свойствами, оказывает губительное воздействие на большинство патогенных микроорганизмов, но обладает меньшей активностью по сравнению со спиртосодержащими антисептиками;

- перекись водорода обладает выраженным антисептическим действием при обработке поврежденных участков кожи, однако перекись не уничтожает патогенные микроорганизмы, а уменьшает их количество

Первое, на что нужно обратить внимание — это состав. Самыми эффективными на данный момент являются спиртовые антисептики, а также средства на основе хлоргексидина. Оптимальное содержание изопропилового спирта — не менее 60%, а этилового спирта — не менее 70%. Меньший процент содержания спирта не обеспечит надежную защиту. Хлоргексидина также должно быть достаточно в антисептике, чтобы он хорошо сработал. При выборе антисептика обязательно обратите внимание на спектр его действия: против каких возбудителей он эффективен. Антисептик с антибактериальным действием не будет эффективен против вирусных и простудных заболеваний. Лучше всего отдавать предпочтение комплексным средствам с широким спектром действия, которые будут эффективны против бактерий, вирусов, грибков и других патогенных микроорганизмов.

В составе должны быть и полезные добавки, которые обеспечивают дополнительные функции антисептиков: разного рода масла, экстракты, которые, защищают кожу от сухости, шелушения, оказывают смягчающее и увлажняющее действие, усиливает естественную защиту кожи;

Некоторые правила и рекомендации использования кожного антисептика:

-Нанести средство на сухие руки и необходимое количество, (обычно 3–5 мл) ----

-Равномерно распределить антисептик по всей поверхности рук, включая пространства между пальцами.

-Тщательно растирать руки, в течение 20–30 секунд, растирать важно быстро, поскольку спиртовые средства и гели быстро высыхают и испаряются

-Дождаться полного высыхания антисептика, после использования средства не смывать его водой. Если на коже имеются какие-то повреждения, обязательно заклейте их водостойким пластырем перед обработкой антисептиком.

-Частота проведения процедуры — по крайней мере 5–6 раз в день. Это необходимо в любых разных ситуациях, когда руки могут быть загрязнены.

-Различные антисептики нельзя смешивать и не наносить антисептик на влажные руки, из-за этого концентрация действующих веществ снижается, и снижается эффективность обработки.

-Избегать одновременного применения антисептиков с мылом и моющими средствами, это так же может снизить их эффективность.

-В случае возникновения выраженных побочных реакций необходимо прекратить применение антисептика и обратиться за медицинской помощью.

Когда необходимо пользоваться антисептиками:

- отсутствует возможность полноценно вымыть руки с мылом;

- после проезда в общественном транспорте;

- после кашля или чихания;

- после посещения общественных мест (торговых центров, магазинов, ресторанов, тренажерных залов);

- после похода в туалет;

- после контакта с животными;

- после смены вида деятельности на рабочем месте;

-и многих других случаях, когда руки могут быть загрязнены.

Противопоказания: некоторые антисептики противопоказаны людям с повышенной чувствительностью к их компонентам. Также следует с осторожностью применять спиртовые антисептики у пациентов с открытыми ранами, так как это может вызвать сильное жжение и замедлить процесс заживления. Кожные антисептики не предназначены для обработки слизистых оболочек и повреждённых кожных покровов.

Беременным и кормящим женщинам рекомендуется использовать антисептики только по назначению врача, отдавая предпочтение наиболее безопасным средствам.

Даже в самом простом антисептике присутствуют вспомогательные вещества, которые уничтожают вредоносные микроорганизмы. Гигиеническая антисептика рук является необходимой мерой для защиты здоровья. Рекомендуем при выборе антисептика обращать внимание на его состав, и сертификацию. Следуйте инструкциям по применению и используйте антисептик регулярно, особенно в условиях повышенного риска заражения инфекциями.

Помните, что чистые руки – это одна из основ здорового образа жизни!!!

**М. А. Омаров,**
**и. о. главного врача**
**ФФБУЗ**
**«Центр гигиены и эпидемиологии в РД**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# ИчичIалиса Шамил МуртазагIалиев – тылалъул бахIарчи

## Шапакъатал цIикIкIаги

**СВОялъул рагъухъабазе гьоркьоса къотIичIого гьабулеб кумекалъухъ ва ВатIаналдехун лъикIаб бербалагьи бижизабизе бахъулеб жигараб хIаракаталъухъ ИчичIали росулъа жамгIияв хIаракатчи ва сахаватчи Шамил МуртазагIалиевасе кьуна «Тылалъул бахIарчи» абураб хIурматияб цIар.**




Гьесие шапакъат кьуна ветеранарек ихтиярал цIуниялъул ва гьезие квербакъиялъул рахъалъ Дагъистаналъул регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев Абубакар КъурбанисмагIиловас.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Шамил МуртазагIалиевасда хIурматияб цIар щвей. СВОялъул рагъухъабазе квербакъи гьабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ баркала кьуна, гьарана гьесие щулияб сахлъи, гIорхъи гьечIеб къуват, жамгIияб хIалтIулъ хадубккунги икъбалал.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

РИТМ ГУМБЕТА

# Обеспечим тёплую зиму полным расчётам за газ

**«Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к населению республики Дагестан до наступления нового года погасить имеющиеся долги за газ.**

Поставщик газа в Дагестане не напоминает абонентам о необходимости своевременных ежемесячных расчётов за потреблённый газ. На сегодняшний день организована удобная дистанционная оплата за газ, когда не выходя из дома, не отпрашиваясь с работы и не тратя время на дорогу и очереди у кассы можно внести очередной платеж. Уже каждый четвертый дагестанский потребитель газа оплачивает через «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика www.mkala-mrg.ru и не тратит время на очереди.




Через «Личный кабинет» рекомендуется оплачивать за газ используемый в домах в селе, за родителей и взрослых родственников, за квартиры и дома сдаваемые в аренду. Можно оплачивать за несколько лицевых счетов. Эта функция также удобны для дагестанцев, которые живут за пределами республики и но имеют газифицированное жилье в Дагестане. Чтобы большие долги не были неприятным сюрпризом – отслеживайте начисления в «Личном кабинете».

Для потребителей газа в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» также организована работа «Контакт центра». По бесплатному номеру 8-800-200-98-04 абоненты могут узнать сумму своей задолженности, а также получить ответы на все вопросы, касающиеся имеющейся задолженности.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Соблюдение пожарной безопасности в быту

**Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан обращает внимание граждан на соблюдение пожарной безопасности в быту и с пиротехническими изделиями.**




Пиротехнические изделия представляют собой источник повышенной опасности и заслуживают особого внимания. Бесконтрольная реализация пиротехнической продукции и применение её без соблюдения необходимых мер пожарной безопасности становятся причинами многих пожаров, травм и даже гибели людей, главным образом, детей и подростков.

Некоторые правила использования пиротехники:

Приобретать изделия только в специализированных магазинах, где есть сертификаты соответствия и инструкция от производителя.

На упаковке должны быть написаны реквизиты производителя или оптового продавца, срок годности и дата изготовления, класс опасности или радиус опасной зоны, выделенный шрифтом предупредительный текст об опасности изделия, ограничения по его применению, правила хранения и утилизации.

Перед использованием обязательно внимательно изучить инструкцию.

О площадке для запуска позаботиться заранее, желательно осмотреть её в светлое время суток. Над ней не должно быть ветвей деревьев, линий электропередач, по соседству — стоянок автомобилей, деревянных сараев и гаражей.

Категорически запрещено производить запуск изделий с балконов, вблизи жилых домов: заряды могут попасть в окно или открытую форточку, залететь на чердак или на крышу и стать причиной пожара или травмирования людей.

Фейерверочные изделия устанавливать на твёрдую ровную поверхность строго вертикально, разобравшись, где у изделия верх и откуда будут вылетать горящие элементы, иначе может произойти опрокидывание.

После поджога фитиля выйти за радиус опасной зоны.

При задержке в работе пиротехнического изделия ни в коем случае не подходить к нему, так как оно может сработать в любой момент.

Зрителям лучше расположиться с наветренной стороны на достаточном удалении (не менее 15–20 метров) от пусковой площадки.

Запрещено работать с пиротехникой в нетрезвом состоянии и курить вблизи.

Никогда не разбирать, не дооснащать конструкцию фейерверка ни до использования, ни — после.

Нельзя доверять детям и подросткам пользоваться пиротехникой самостоятельно.

Зимний пожароопасный период в быту — это время, когда риск возникновения пожаров возрастает из-за активного использования электротехнических и теплогенерирующих устройств. С наступлением холодов увеличивается нагрузка на электросистему, что может привести к перегреву проводки и возникновению короткого замыкания.

Наиболее распространенными причинами данных пожаров в сельской местности являются:

Неправильная эксплуатация электроприборов. Например, подключение большого количества электронагревательных приборов, что провоцирует перегрузку сети.

Неисправность печного оборудования. Например, розжиг печи бензином, керосином и другими легковоспламеняющимися жидкостями, использование дров, длина которых превышает размеры топливника, перекаливание печей.

Неосторожное обращение с огнём. Например, детская шалость с огнём, оставленные на видном месте спички и зажигалки.

Меры, чтобы минимизировать риски, рекомендуется:

Регулярно проверять проводку. Если она старая или повреждённая, лучше заменить её на новую.

Не перегружать розетки. Использовать удлинители и распределители с осторожностью, избегать подключения большого количества приборов к одной розетке.

Выключать неиспользуемые приборы. Отключать от сети устройства, которые не используются, чтобы избежать перегрева и короткого замыкания.

Правильно размещать обогреватели. Они должны находиться на безопасном расстоянии от горючих материалов (шторы, мебель, одежда) — минимальное расстояние — не менее 1 метра.

Не оставлять обогреватели без присмотра. Никогда не оставлять их включёнными, если выходите из комнаты или ложитесь спать.

Использовать сертифицированные приборы. Убедитесь, что обогреватели соответствуют стандартам безопасности и имеют необходимые сертификаты.

Регулярно чистить дымоходы и вентиляционные каналы. Это поможет избежать задымления и повышения температуры.

Использовать только предназначенные материалы. Для растопки камина или печи использовать только дрова и специальные средства, избегая пластиковых и синтетических материалов.

Установить защитные экраны для каминов, чтобы предотвратить случайное выпадение углей или искр.

**Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.